

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Sanggeus prosés nganalisis jeung medar data nu dikumpulkeun ngaliwatan instrumén panalungtikan ngawengku daftar céklis tur padoman dokoméntasi, hal anu saterusna dilakukeun nyaéta nyusun kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta méré rékoméndasi pikeun panalungtikan kahareupna. Di handap baris dipedar kacindekan, implikasi tur rékoméndasi tina ieu panalungtikan.

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis data jeung pedaran nu dilakukeun dina bab IV, sacara umum kualitas buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas IV, V jeung VI dumasar kana kurikulum tingkat daerah muatan lokal 2013 révisi 2017 kawilang kana kategori anu alus tur bisa digunakeun dina prosés pangajaran di sakola. Hasil panalungtikan ngébréhkeun yén tingkat rélevansi poko bahasan jeung kompetensi dasar aya dina kategori alus. Kitu deui dina hal pidangan matéri, ambahan eusi matéri jeung alat évaluasi, rata-rata geus nyumponan sarta luyu jeung kurikulum.

Kahiji, rélevansi poko bahasan dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas IV kagolong geus rélevan 78.13 % jeung kompetensi dasar dina Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017. Tina dalapan unit anu dipidangkeun, aya tilu unit nu geus rélevan (unit 3, 5, jeung 6), opat unit nu kurang rélevan (unit 2, 4, 7 jeung 8), sarta saunit anu teu rélevan nyaéta unit 1. Tingkat rélevansi poko bahasan dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas V geus rélevan pisan 84.4 %. Tina dalapan unit, tilu unit dianggap rélevan (unit 4, 5 jeung 7) sarta lima unit dianggap kurang rélevan (unit 1, 2, 3, 6 jeung 8). Pamungkas, tingkat rélevansi poko bahasan di kelas VI ogé kaasup geus rélevan pisan (83.3 %) jeung Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal 2013 Revisi 2017. Tina genep unit, kapaluruh aya dua unit anu kagolong rélevan (unit 5 jeung unit 6) sarta 4 unit dianggap kurang rélevan (unit 1, 2, 3 jeung 4). Hasil perséntase di luhur ngébréhkeun yén dina buku téks PBS miboga tingkat rélevansi anu luhur, hususna dina rélevansi poko bahasan jeung KD.

Kadua, pidangan matéri nu aya dina buku téks PBS kelas IV kaasup kana katégori lengkep (78.13 %). Tina dalapan unit nu aya di kelas IV, tilu unit geus miboga komponén pidangan matéri anu lengkep (unit 2, 3 jeung 6), tilu unit komponén pidangan matériana kurang lengkep (unit 1, 4 jeung 5), sarta dua unit anu pidangan matériana teu lengkep (unit 7 jeung unit 8). Kitu ogé pidangan matéri nu aya di kelas V kagolong kana kategori alus (62.5 %). Tina dalapan unit, aya opat unit anu miboga katégori kurang lengkep (unit 1, 2, 3 jeung 5) sarta opat unit deui kagolong katégori teu lengkep (unit 4, 6, 7 jeung 8). Sementara pidangan matéri nu aya di kelas VI miboga katégori alus (70.8 %). Komponén matéri di kelas VI kabagi jadi nu kurang lengkep jeung nu teu lengkep. Ieu hal téh sarua jeung nu kapanggih di kelas V. Tina genep unit pangajaran, aya lima unit anu miboga komponén matéri kurang lengkep nyaéta unit 1, 2, 3, 5 jeung 6. Ari unit 4 kagolong kana katégori teu lengkep. Tina perséntase nu dipedar, katingali yén pidangan matéri dina buku téks PBS teu sakabéh unit pangajaran midangkeun matéri nu lengkep. Samalah leuwih loba nu teu lengkepna batan nu lengkepna. Najan kitu komponén matéri nu dipidangkeun geus cukup pikeun nyangking kompetensi hususna dina KD 3.

Katilu, ambahan eusi matéri nu aya dina buku kelas PBS kelas IV kawilang alus (70.8 %). Tina dalapan unit, aya tilu unit anu ambahan matéri kognitif jeung psikomotorna kawilang cukup pikeun ngahontal KD, sedengkeun 5 unit séjénna kagolong kana kategori nu kurang atawa leuwih teuing. Unit nu kategorina cukup nyaéta unit 2, 5 jeung 8. Unit anu matériana kurang atawa leuwih teuing nyaéta unit 1, 3, 4, 6 jeung 7. Ambahan eusi matéri buku PBS kelas V ogé kagolong alus (70.8 %). Tina dalapan unit, aya tilu unit (unit 4, 6 jeung 7) anu eusi matériana dianggap cukup keur nyangking kompetensi dasar sarta lima unit (unit 1, 2, 3, 5 jeung 8) deui matériana kurang atawa leuwih teuing dina nyumponan pameredih KD. Ari ambahan matéri dina buku téks PBS kelas VI kawilang alus ogé (72 %). Tina genep unit pangajaran, aya tilu unit anu matériana geus cukup (unit 4, 5 jeung 6) sarta tilu unit anu matériana kurang atawa leuwih teuing (unit 1, 2 jeung 3) pikeun ngahontal pamaredih KD. Cindekna, kategori ambahan matéri nu aya di kelas IV, V jeung VI kagolong kana katégori alus. Ieu hartina ambahan eusi matéri kognitif jeung psikomotor anu dipidangkeun geus cukup pikeun nedunan pamaredih KD, boh KD kaweruh boh kaparigelan.

Kaopat, kasaluyuan alat évaluasi jeung indikator nu aya dina buku téks *Panganteur Basa Sunda* kelas IV geus luyu pisan (81.25 %) jeung indikator. Tina dalapan unit, aya dua unit anu katégorina luyu pisan antara alat évaluasi / rambu pangajaran jeung indikator, nyaéta unit 5 jeung unit 8. Lima unit katégorina luyu (unit 1, 2, 3, 6 jeung 7) sarta saunit anu kurang luyu nyaéta unit 4. Tingkat kasaluyuan alat évaluasi jeung indikator di kelas V geus luyu (68.8 %) jeung indikator pangajaran. Tina dalapan unit, aya tilu unit anu tingkat kasaluyuan alat évaluasina kagolong luyu pisan (unit 4, 5 jeung 8), sedengkeun lima unit kagolong kurang luyu (unit 1, 2, 3, 6 jeung 7). Ari tingkat kasaluyuan alat évaluasi jeung indikator anu aya di kelas VI ogé kagolong luyu pisan (87.5 %). Tina genep unit, aya opat unit anu alat évaluasina luyu pisan (unit 1, 2, 4 jeung 6) jeung indikator, saunit anu luyu (unit 3) jeung indikator, sarta saunit anu kurang luyu (unit 5) jeung indikator.

Cindekna, kualitas buku téks *Panganteur Basa Sunda* tingkat luhur (kelas IV, V jeung VI) di jenjang sakola dasar geus luyu jeung nyumponan kurikulum muatan lokal basa Sunda 2013 révisi 2017 boh dina kompetensi dasarna boh indikator pangajaranana. Ku kituna bisa digunakeun dina prosés pangajaran di sakola minangka salah sahiji sumber diajar.

## 5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan tangtu bisa méré implikasi ka sakumna pihak nu aya patalina jeung dunya atikan, hususna pikeun guru salaku nu maké buku téks di lapangan sarta panyusun buku. Hasil panalungtikan miboga implikasi langsung pikeun guru dina nangtukeun buku téks atawa bahan ajar nu rék digunakeun. Guru ogé jadi boga gambaran ngeunaan kualitas buku téks PBS nu dianalisis, utamana nu bisa ngahontal tujuan pangajaran nu geus ditetepkeun dina kurikulum tingkat daerah muatan lokal 2013 révisi 2017.

Ari pikeun panyusun buku, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan tinimbangan jeung évaluasi dina ngaropéa deui eusi buku atawa dina nyusun buku anyar sangkan anu jadi kakurangan dina ieu buku bisa dilengkepan. Nu paling utama, dina nyusun bahan ajar téh kudu salawasna merhatikeun palanggaran kurikulum nu keur digunakeun.

### 5.3 Rékoméndasi

Sanggeus ngayakeun panalungtikan kana eusi buku PBS di jenjang SD kelas IV, V jeung VI, sarta ngabandingkeun jeung kurikulum muatan lokal tingkat daérah 2013 révisi 2017 hususna dina hal rélevansi poko bahasan, pidangan matéri, ambahan eusi matéri katut alat évaluasina, aya sababaraha catetan pikeun bahan pangdeudeul (rékoméndasi), di antarana:

- 1) dina nyusun matéri atawa bahan ajar, panyusun buku dipiharep salawasna nyepeng kana kurikulum nu keur digunakeun, utamana kudu nyoko kana KIKD, indikator pangajaran katut tujuan pangajaran;
- 2) panyusun kudu leuwih merhatikeun deui komponén kalengkepan matéri nu wajib dipidangkeun, utamana bagian matéri prinsip jeung prosedur nu dianggap kurang nyampak dina unggal unitna;
- 3) patali jeung ambahan eusi matéri, panyusun dipiharep kudu leuwih imeut deui kalawan tetep suméndér kana KIKD dina midangkeun matéri luyu jeung tingkat kajembaranana. Ku kituna pamilon atikan bakal kabantu dina nyangking kompeténsi jeung udfan pangajaran; sarta
- 4) dina nyusun alat évaluasi jeung rambu pangajaran, panyusun kudu salawasna merhatikeun kana indikator anu geus disusun, ulah nepi ka aya indikator anu teu bisa kaukur lantaran teu nyampak alat évaluasina.

Pamungkas, dina nangtukeun kualitas buku téks, BSNP geus netepkeun opat indikator penilaian nu ngawengku kelayakan eusi, penyajian, kabasaan jeung kagrafikan. Dina ieu panalungtikan, ulikan ukur medar aspék kelayakan eusi wungkul. Ari unsur séjénna saperti *penyajian*, kabasaan, sarta kagrafikan can ditalungtik. Padahal idéalna mah boh penyajian boh aspék basa jeung kagrafikan gumulung dina hiji panalungtikan sangkan kualitas buku téks sacara gembleg bisa kaukur.

Ku kituna, panalungtik miharep aya panalungtikan séjénna, hususna nu nalungtik aspék basa dina buku téks PBS pikeun mikanyaho kualitas basa nu digunakeun dina éta buku téks. Ku cara kitu tangtu bakal ngeuyeuban ieu hasil panalungtikan, utamana anu bisa ngarojong kana kualitas buku téks *Pangangteur Basa Sunda* hususna di kelas IV, V jeung VI, umumna di sakabéh tingkatan jenjang sakola dasar.